NAMANGAN DAVLAT PEDAGOGIKA INSTITUTI
"TA'LIM VA TARAQQIYOT" ILMIY-USLUBIY
JURNALI 2026-YIL 3-SON

13.00.00. – PEDAGOGIKA FANLARI
JOURNAL.NAMSPI.UZ
ISSN: 2992-9008; UDK: 37

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ MEKTEPKE SHEKEMGI BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERINIŃ AYÍRÍM KÓRSETKISHLER ANALIZI

***Gaypova Roza Tursunbaevna***
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,*
*Geografiya kafedrasi docenti, p.i.k. gaipovar.@gmail.ru*
***I.A.Atamuratov***
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,*
*2-kurs magistrantı. inyatatamuratov@gmail.com*
***Bozorboyeva Zulayho Umidjon qizi***
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,*
*2-kurs magistrantı. bazarbaevazulayho9@gmail.com*

***Rezyume:*** *Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasında mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri olardıń sanı jaylasıwı ózgeshelikleri haqqında sóz etilgen. Maqala mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri oqıtıwshı tárbiyashıları ushın ámeliy hám metodikalıq áhmiyetke iye.*

***Tayanısh sózler:*** *bilimlendiriw sisteması, infrastruktura, mektepke shekemgi bilimlendiriw, bala, oqıwshı*

## АНАЛИЗ ОПРЕДЕЛЕННЫХ ПОКАЗАТЕЛЕЙ УЧЕБНЫХ ЗАВЕДЕНИЙ В РЕСПУБЛИКЕ КАРАКАЛПАКСТАН

***Резюме:*** *В данной статье рассматриваются особенности размещения дошкольных образовательных организаций в Республике Каракалпакстан. Статья имеет практическое и методическое значение для учителей-воспитателей дошкольных образовательных организаций.*

***Klyuchevıe slova:*** *система образования, инфраструктура, дошкольное образование, ребенок, ученик*

## ANALYSIS OF CERTAIN INDICATORS OF EDUCATIONAL SCHOOLS IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN

***Summary:*** *This article discusses the characteristics of the distribution of preschool educational organizations in the Republic of Karakalpakstan. The article has practical and methodological significance for teachers and educators of preschool educational organizations.*

***Keywords:*** *education system, infrastructure, preschool education, child, student*

## KIRISIW

Bilimlendiriw sistemasınıń dáslepki basqıshı mektepke shekemgi bilimlendiriw hám tárbiya bolıp hámde úzliksiz bilimlendiriw usı jerden baslanadı.

Mámleketimizde ósip baratırǵan jas áwladımızdıń salamat jáne de hár tárepleme rawajlanǵan etip tárbiyalawımız, olarǵa tálim-tarbiyada nátiyjeli usıllardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Olardı joqarı intellektual poteniciallı, jetik hám aqıllı insan bolıp jetilisiwi usı taraw menen baylanıslı boladı.

Ótken dáwir ishinde mámleketimizde ósip baratırǵan áwladtı salamat hám hár tárepleme jetik etip jetkiziw, tálim-tárbiya túrleri hám usılların engiziwge qaratılǵan mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń nátiyjeli sistemasın shólkemlestiriw boyınsha keń kólemli jumıslar ámelge asırıldı [1.3.].

Mektepke shekemgi bilimlendiriw bala turmısındaǵı eń zárúrli basqısh bolıp, ol balalardıń rawajlanıwında zárúrli rol oynaydı. Shaxstıń qáliplesiwine, onıń intellektuallıq, ruwxıy-etikalıq, estetikalıq hám fizikalıq rawajlanıwına, sonıń menen birge, balalardı ulıwma orta bilim beriwge tayarlawǵa tásir etedi hám olardıń keleshegin belgileydi.

Bilimlendiriw tarawı jámiyet rawajlanıwınıń eń áhmiyetli faktorlarınan biri esaplanadı. Hár qanday aymaqtıń sociallıq hám ekonomikalıq rawajlanıwı, eń aldı menen bilimlendiriw sistemasınıń rawajlanıw dárejesine baylanıslı boladı. Sebebi házirgi zaman bilimli hám uqıplı jas áwladın tárbiyalaw mámleketlik siyasattıń ajıralmas bólegi bolıp tabıladı.

Bilimlendiriwdiń eń áhmiyetli baslanǵısh basqıshı mektepke shekemgi bilimlendiriw bolıp, bul basqıshta balalardıń intellektuallıq, fizikalıq hám ruwxıy rawajlanıwına tiykar salınadı desek qátelespeymiz.

Qaraqalpaqstan Respublikası arqa rayonlarında bilimlendiriw tarawı infrastrukturasınıń rawajlanıwı aymaq rawajlanıwınıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri esaplanadı.

## TIYKARǴI BÓLIM

Mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń hár tárepleme intellektuallıq, fizikalıq, etikalıq, estetikalıq rawajlanıwı ushın shárt-sharayatlar jaratıw – bul Koncepciyanıń tiykarǵı wazıypalarınıń biri. Sebebi, bul sistemada innovaciyalardı, aldıńǵı pedagogikalıq hám xabar-kommunikaciya texnologiyaların keńnen en jaydırıw maqsetinde mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerin házirgi zamanagóy ásbap-úskenenler menen támiyinlew basqıshpa-basqısh ámelge asırılmaqta.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerindegi toparlar balalardı tárbiyalaw hám oqıtıw procesinde zárúrli xızmet atqaradı. Bul toparlar balalardıń jası hám psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alǵan halda shólkemlestiriledi, bul bolsa olardıń hár tárepleme rawajlanıwı ushın eń jaqsı sharayatlardı jaratıwǵa múmkinshilik beredi.

Jas áwladqa tárbiya beriw – maqsetke baǵdarlanǵan tárbiyalıq tásir kórsetiw, sociallıq turmısta qarım-qatnasqa kirisiw normaları hám oǵan ámel etiw talapları boyınsha zárúrli shárt-sharayat jaratıwdı názerde tutadı [4.17.].

Jas áwladtı pútkil turmısı dawamında úyreniw hám tálim alıw qábiletin rawajlandırıw hám bilim menen qurallandırıw zárúr. Sebebi, úzliksiz bilimlendiriw dóretiwshilik, erkin pikirlewshi, sociallıq aktiv hámde ruwxıy bay shaxstı qáliplestiriw ushın zárúr shárt-shárayatlardı jaratadı.

Mektepke shekemgi bilimlendiriwdiń nátiyjeligin sıpatlawshı eń tiykarǵı kórsetkishlerden biri bul 3 jastan 6-7 jasqa shekem bolǵan balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerine qamtıp alıw esaplanadı.

Qaraqalpaqstanda 3-6 jastaǵı balalardıń mektepke shekemgi tálim menen qamtıp alınıwı 79,7 % teń (respublika boyınsha ortasha kórsetkish 62,0 % quraydı). [3.68.].

Qaraqalpaqstan Respublikasında iskerlik kórsetip atırǵan mámleketlik hám shańaraqlıq mámleketlik emes mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri (keyingi orınlarda MShBSh dep keltiriledi) sanına qosıp esaplaǵanda, 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına 1809 dı quraǵan bolsa, bul kórsetkish 2020-jıl 1-yanvarǵa salıstırǵanda 466 ǵa (yaǵnıy 3,9 esege) kóbeygen. Respublikada jámi MShBShleriniń 32,6 procenti (590) mámleketlik, 67,4 procenti (1219) shańaraqlıq mámleketlik emes MShBShlerine tuwrı keledi. Shańaraqlıq mámleketlik emes MShBShleri sanı sońǵı jıllarda tez kóbeymekte. Máselen, 2020-jılda 82, 2023-jılda 98 di quraǵan bolsa bir jıl dawamında 1121ge artqan [2.3].

Eger 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına iskerlik júrgizip atırǵan MShBShleriniń eń kóp bólegi Beruniy (414), Nókis qalası (262) hám Ellikqala (190) rayonlarına, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Bozataw (18), Moynaq (25) hám Qanlıkól (34) rayonlarına tuwrı kelgen. Sonnan, shańaraqlıq mámleketlik emes

MShBShleriniń eń úlken bólegi Beruniy (350), Nókis qalası (173) hám Ellikqala (143) rayonlarında dizimnen ótken bolsa, basqa rayonlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Moynaq (5), Bozataw (7) hám Qanlıkól (14) rayonlarına tuwrı kelgen [2.4].

MShBShlerindegi orınlar sanı bul tarawdaǵı eń zárúrli kórsetkishlerden biri dep esaplanıp, barlıq kishi jastaǵı balalarǵa balalar baqshalarına barıw hám mektepke tayarlıq kóriw múmkinshiligin mámleket hám jergilikli hákimiyat shólkemleri tárepinen támiyinleniwin sáwlelendiredi.

Mámleketlik MShBShlerinde orınlar sanı respublika boyınsha 164,5 mıńǵa teń (2024-jıl 1-yanvarǵa shekemgi shańaraqlıq mámleketlik emes MShBShlerindegi orınlar sanı haqqındaǵı maǵlıwmatlarsız keltirilgen), yaki orta esapta bir MShBShlerine 279 dan tuwrı keledi. Orınlar sanı boyınsha keyingi jıllarda artıp barmaqta (2020-jılda olar 59,7 mıń bolǵan).

Qaraqalpaqstan MShBShlerindegi orınlar sanınıń eń úlken bólegi Nókis qalası (27,2 mıń), Beruniy (26,0 mıń) hám Tórtkúl (18,3 mıń) rayonlarına tuwrı kelgen bolsa, basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Bozataw (1,5 mıń) hámde Moynaq (2,6 mıń) rayonlarında baqlanǵan.

Demek, biz izertlep atırǵan arqa rayonlardıń kórsetkishleri birqansha tómen bolıp, bul rayonlarda baqshalar sanın kóbeytiw aktual esaplanadı.

Respublikadaǵı bar bolǵan mámleketlik MShBShlerinde 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayında jámi 5634 toparlar bolıp, sonnan eń kóp MShBShleri toparları Nókis qalası (927), Beruniy (908) hám Tórtkúl (542) rayonları dizimge alınǵan, basqa rayonlar menen salıstırılǵanda eń tómen kórsetkishler Bozataw (52) hámde Moynaq (89) rayonlarında baqlanǵan. [2.3].

MShBShlerinde tárbiyalanıwshı balalar sanı 2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına 117,6 mıń balanı qurap, bul 2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına salıstırǵanda 82,7 mıń balaǵa (yaǵnıy 42,2 %ke) kóbeygen. Olardan mámleketlik MShBShlerinde tárbiyalanıwshılar sanı 87,7 mıń balanı qurap, hár bir baqshaǵa ortasha esapta 148,6 tárbiyalanıwshı tuwrı keledi. MShBShlerinde tárbiyalanıwshılar Nókis qalasında 15,2 mıń, Tórtkúlde 10,1 mıń, Ámiwdáryada 10 mıńǵa teń. Mámleketlik emes MShBShlerinde tárbiyalanıwshı balalar sanı boyınsha respublikada Beruniy rayonı

jetekshi orında 9,6 mıń bala, Nókis qalası 4,3 mıń bala, Ellikqala rayonı 3,1 mıń bala Ámiwdárya rayonı 2,5 mıń bala aldıngı orınlarda turadı [2.7].

Respublikada 3-6 jaslı balalardı mektepke shekemgi bilimlendiriw menen qamtıp alınıwı boyınsha sezilerli ósiw baqlanıp atır. Atap aytqanda, 2020-jıl 1-yanvar jağdayına balalardıń 53,8 % i mektepke shekemgi bilimlendiriw múmkinshiligine iye bolğan bolsa, 2024-jıl 1-yanvar jağdayına bolsa bul kórsetkish 77,9 % ge shekem jetti. Bul unamlı tendenciyanı balalardı erte balalıq dáwirinde hár tárepleme rawajlanıwı ushın bilimlendiriw strategiyaları hám bağdarlamaların tabıslı ámelge asırılıwı nátiyjesi sıpatında bahalaw múmkin.

Rayonlar dárejesinde eń joqarı kórsetkish Beruniy (95,9 %), Nókis qalası (88,6 %) hám Qońırat (87,4 %) rayonlarına tiyisli. Basqa rayonlarğa salıstırğanda eń tómen qamtıp alıw Tórtkúl (61,6 %) hám Bozataw (65,5 %) rayonlarında baqlanğan.

Demek, derlik 30 % ke jaqın balalar fizikalıq, ruwxıy  hám aqılıy jaqtan tolıq oqıw iskerligine tayar bolmağan jağdayda mektepke kelip, arnawlı tayarlıqtan ótken balalar menen birge oqıydı. Bul bolsa birinshi gezekte balalarğa hámde bilimlendiriw tarawınıń nátiyjesine birqansha keri tásiri boladı.

## JUWMAQLAW

Joqarıdağı analizlerden kelip shığıp, juwmaqlap aytıwımız múmkin, keyingi jıllarda shańaraqlıq mámleketlik emes MShBShleriniń sanı tez pátler menen kóbeymekte. Bunıń tiykarğı sebebi húkimetimiz tárepinen isbilermenlikti rawajlandırıw ushın jaratılıp atırğan sharayatlardıń nátiyjesi esaplanadı.

Mámleketlik MShBShleriniń sanıda kóbeygen. Ayırım jerlerde balalardı qamtıp alıw dárejesi qoyılğan talaplarğa tolıq juwap bermeydi.

Ózbekstanda Prezident mektepleri baslamasınıń dawamı retinde balalardı rawajlandırıw innovaciyalıq oraylarına iye bolğan dáslepki "Jańa áwlad" balalar bağshaları shólkemlestiriledi. Innovacion oraylarğa iye "Jańa áwlad" bağshaları prezident mektepleri sıyaqlı mektepke shekemgi bilimlendiriw sapasın asırıwda "lokomotiv" wazıypasın óteydi, dedi mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriw ministri E'zozxon Karimova "Ózbekstan 24" telekanalına bergen intervyusında. Bunday bağshalardı engiziw máselesi 4-fevral kúni prezident janında ótkerilgen prezentaciyada dodalanğan edi. Olardı ashıw Tashkent qalası hám

Qaraqalpaqstannan baslanıp, 2028-jılda pútkil Ózbekstan aymaqların óz ishine aladı.

MShBShlerinde tálim-tárbiya beriw hám onıń nátiyjeligin arttırıw mámleketimiz tárepinen alıp barılıp atırǵan reformalardıń bir bólegi bolıp, MShBShlerine qabıl qılınatuǵın balalardı tolıǵı menen qamtıp alıw region aldındaǵı sociallıq mashqalalardıń biri. Sol sebepten, MShBShlerdiń sanın, ásirese, awıllıq jerlerde kóbeytiw búgingi kúndegi aktual máselelerdiń biri bolıp tabıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasi maktabgacha ta’lim tizimini 2030 yilgacha rivojlantirish koncepciyasini tasdiqlash to‘g‘risida. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining qarori, 08.05.2019 yildagi PQ-4312-son.
2. Qaraqalpaqstan Respublikası Statistika basqarması maǵlıwmatları.
3. Uzakbaev K.K. Qoraqalpog‘iston Respublikasida maktabgacha ta’lim tizimining tashkillashtirilishi va hududiy joylashuvidagi tafovutlar. // «Fan va jamiyat», – Nukus: 2025. 53-55-b.
4. Umarov B. Oilaviy tarbiya saboqlari. Toshkent: «Tasvir nashriyot uyi». Toshkent 2019 y. 52 b.